

Nimewo, Nimewo, 1, 2, 3

Jwè 1+



Laj 2+



5-10 min

OBJEKTIF

Pou di epi montre konbyen dwèt ki leve.

MATERYÈL

Men yo



VOKABILÈ

Konbyen

Menm

Diferan

KESYON

Konbyen dwèt ou wè?

Èske ou ka montre mwen yon lòt fason pou montre kantite sa a?

KÒMAN POU JWE

1. Kenbe men ou dèyè do ou.
2. Chan "Nimewo, nimewo, 1, 2, 3. Konbyen dwèt ou wè?" Kenbe twa dwèt nan yon men.
3. Tann timoun yo di "twa" epi mande yo pou montre twa a ak pwòp dwèt yo.
4. Mete men w dèyè do w ankò epi kontinye jwe ak diferan kantite dwèt yo.

5. Varye fason ou kenbe dwèt ou. Ou ka montre 3:



KONSÈY POU JWE

- Kòmanse ak 1 rive 5 dwèt. Pandan timoun yo ap pwogrese, montre 6 rive 10 dwèt.
- Si timoun yo pare pou nonb ki plis pase 10, ou ka mande yon zanmi pou l prete w men l yo pou fè nonb jiska 15 oswa 20.
- Ou ka jwe jwèt sa a nenpòt kote. Ou ka jwe pou yon ti tan oswa pou lontan Li bon lè ou nan liy ap tann oswa kòm yon aktivite tranzisyon nan klas la.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Senk se yon bon nonb pou kòmanse pratike konpoze nimewo paske nou gen senk dwèt sou chak men.
- Jwèt sa a ede timoun yo rekonèt ke gen ti nonb ki “kache andedan” pi gwo nonb (pa egzanp, ke 3 ak 1 se de pati nan 4).

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Jwèt Videyo

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Nimewo, Nimewo, 1, 2, 3*.